**АДЫГЭБЗЭ е-ТХЫЛЪ**

# ХЪУЭРХЪУЭРИСЭ УСЭДЗАСЭ ХЭТIЭХЭСЭ

**БЕР ХЬИКМЭТ - 2008**

**ГУГЪЭ МЫУХ**

Агънокъуэжьу джэгуэкIуэжьыр
Ус, къиуджыхьу ехыжати,
Дунейр шэрхъыу щыкIэрахъуэм,
ЖиIэгъати -"кхъужьеижьу"
КъэкIыжакъэ хэкужьыгум...

Хэкужь щIыгум утехьэжу,
Зы жыгыжьуй гуфIэгъуэкъэ...
Хамэ хэсым, –тхьэусыхэжу,
Къигъэщlэжми, уемыхъуапсэ.

КъекIэрэкъуэкI хъуреижьым
ЖесIэращи си хэщIыгъуэм,
Удз кIапэуи хамэщIыгум
Сыхимыдзэж псэужыну.

КъыщIидзыжмэ си псэ тIэкIур
Зы псы ткIуэпсу сытреутхэ...
ЩIыгум гъуэзу сыщыщыуу
Уэгум сихьэнщ пшэ хужь цIыкIуу.

Жьыбгъэ къепщэм зезгъэхьыжу
Сыщхьэщыхьэнщ Iуащхьэмахуэ,
Iэ дэслъэнщи и щхьэц хужьым,
Бахъэ къабзэм хэшыпсыхьу
Сынщешхынкъэ Бахъсэн ауыз...

**ЦIЫХУР ЗЫЦIЫХУРАЩ**

″Зыр зыщ″ жи, зы усакIуэ
″Ухуейм дэдзей ухуейм къедзых″.
КъеIуатэ зы псэлъэжьми,
″Зы бзэ зыщIэ зы цIыхущи,
Бзитl зыщlэ цlыхуитlщ″ жи.
ЖиIэр си бзэм цIыху и телъхьэщ...
Елъытэ цIыхур зыцIыхууй,
Ухуейм у зы цIыху, ухуейм цIыхуищэ...
ЩыпцIыхукIэ у зы цIыхущ,
У зыцIыхуу зыщыпцIыхужкIэ
УцIыхущщэщи, цIыхугъэр мэбагъуэ.

**«ПСЫР ПСЭ ПЫЛЪХЬЭЖЩ»**

Макъыбзэжьу адыгэбзэм
Псэр къыщlедзыж псым хэджыкlыуи,
Зы Адыгэ псэлъэжьым ″псы″р
-Ныпищэжу- ″псэ пылъхьэжщ″ жи.

**УСЭЕДЖЭЕХЪУЭР**

Щхьэж зы усэ зи еджэкlэжщ...
Усэ псоми иджыр зытэм
Щlаусым сыт и щхьэусыгъуэжт...
″Усэ″щ жыпlэу зэщхьу уемджэ,
Иджым уеджэм дэтхэнэми
И еджэкlи зыкъыпхуиджэнщ.

Зызхуэlуагъэжщ щхьэж зы усэ...
Щхьэсысыжу укъемыджэ,
Набгъэ зыпщlыу утемджалэ,
Зыбгъэlущу умыlулэ,
lупэ зэlуш lупэлэлу
бгъэлэнтlэжу псалъэр умышу.

Уи макъ нэхърэ усэращи,
Щхьэр умыудэгу усэеджэм...
Еплъи лъагъуэ нэ уиlэмэ,
Гу уиlэмэ зет усэгум,
Щхьэ уимыlэм гъэтlылъ пыlэ...
Зыпщlыу усэ уемыдж кхъыlэ!

**ГУХЭЛЪ ЩЭХУЦIЫКIУ**

Си унащхьэ къанжэ тес,
- Сытым щыгъуэ сыкъэпщIэну уей -
Зы дэ цIыкIукIэ уигу сыкъэкI,
- Ягъэ кIынкъым уей -
Хуеймэ ари кунэфу къыщIыкI.

**НИТI ЩЫЗЭПЛЪЫМ...**

Гур мыплъэмэ нэри плъэкъым,
Нэм щилъагъум гури зэщIоплъ...
УщыщIэплъэм дэтхэнэми
Ухилъафэу нэм ифэкум
ЩIэт гугъэри щIыболъагъуэ...
Зыщалъагъум нитI зэхуэзэу,
Зэхуагугъэр яхузэгъуэгу...

**НЭ ДЭТХЭНЭР**

Нэ фIыцIэшхуэ щIохьэр си гум
Си гупщысэм зытреубгъуэ
Набгъэ сищIыу сызIэпешэ
Сыхешэри кIыфIыгъуэшхуэм
Си гур къиплъу си нэр щоункIыфI...

Нагъуэр къыщIоплъ щхьэцыгъуэшхуэм
Мэгъу пэлъытэщ и плъэкIэри
Йоплъэ си гум илъри елъагъу
Лъагъуэ къэхъум дызэхуокIуэ
Дыщызгъуэтым и нэр сщоункIыфI...

Щхьэц хъурыфэу нащхъуэ гуэрыр
КъыщысIуплъэм сыкъегъэуIэбжь
Удэрабжьэу си Iэпкълъэпкъыр
А къэплъэгъуэм щхъухь къызехри
Си нэр щипхэу си гур сщепхъуэт...

ТхьэIуэхуду зы нэ къуэлэн
Си нэм щIоблэ си гур етхьэкъу
Къуршхэр уафэм щыхолыдэ
Дэуващ пшагъуэй къуэлэджэшхуэм
Сыхоплъыхьри лъагъуэй схуэмлъагъу...

СыщыщIэплъэм нэ щхъуэнтIэшхуэм
Зы пщIыхь дахэм сыхэтыххэщ
Хышхуэ гуэрым сыщыщесым
Сыхилъафэу и кууагъэм
ЩIыхуфэкум сыхокIуадэ...

**ЗАКЪУЭНЫГЪЭ УЛЪЭЩ-УЛЪЭЩ...**

Закъуэныгъэ закъуэныгъэ...
Цlыху лъэпкъ хуэlуа фащэ зэпэщ
Цlыху закъуэ зэш, зэшыгъуэуи ттелъ
Ди зэхуэдэу къытщыкъуэ хьэлъэ
Лъэпщ ттырибзэ лъэ емызэш
Улъэщщ, улъэщ... у емынэ лъэщ.

Закъуэныгъэ закъуэныгъэ...
Дыщlикъуэзэу къетхьэкl фащэ
Къытщыкъуами, хьыхьэ-хэкlи зимыхабзэ
Ди бзэщыпхэ, бзэмыlу кlухьрей
Дыхуэмейми, псоми тхуэхъу lей!
Уlейщ, уlей... умызэгъ, у къыдэмзэгъщ.

Закъуэныгъэ закъуэныгъэ...
Ди гумызагъэу ди гуузыж
Къыдэузыжу дызlэщlэлъ
Лlыр зыгъагъыу, щхьэмыгъазэри езыгъэз
Къыдэмзэгъыу щхьэж ди зэхуэдэ щыхъу
Емзэгъ укъилъху, у Емынэ щылъху...

Закъуэныгъэ закъуэныгъэ...
И удыныр лlы зыщl хущхъуэ
Цlыху цlыкlу псэ lэфl зыхуэщхъухь
Зымлъэкlыжым и дефэгъу
Фадэм щыщхъуу къаlурыфlэ
Уфlщ, упэжыфlщ... у щыпкъэ закъуэщ.

Закъуэныгъэ закъуэныгъэ...
Зызгъэкlуэдым зызщигъуэтыж
Щхьэжу къанэр къызыхуэнэ

Дыкъызхуэнэу ди ныбжьэгъу
Зэныбжьэгъуу дызэдэщыlэ
Уддэщlыгъуу дэ димызакъуэ.

Закъуэныгъэ закъуэныгъэ...
Зи фэщапэр Тхьэ закъуэ
И нэфlщыхуэу тхуигъэфащэ
Къыщlигъэщlми и щхьэусыгъуэу
Щхьэж лъытэгъуэу къыддигъэщl
Уэрыншэу тlэ, дэ дыщымыlэ.

Закъуэныгъэ закъуэныгъэ...
Къытхуэупсэу Тхьэм къыдитыгъэ
Къыдитами, тхуэмышэч
Шэчыгъуейи дыкъэзыщl
Тщlэн дымщlэжу дыкъэзгъанэу
Дезыгъэзу сытри дызгъэщl
Дехыж нэужь сыт атlкlэ дэбгъэщl...

Закъуэныгъэу ди бэмпlэгъуэ...
Зи пlэ ихуэр зэгуэуд
Зэгуэудыгъуэри къэзылъху
Зэгуиуду мывэри зыгъалъхуэ
Сосрыкъуэри къиулъху...
Ди гуфlэгъуэу Сосырыкъуэ
Уи мафlэри зэщlэплъэ
Закъуэныгъэри тщысыкl...
Сосрыкъуапцlэу ди мафlэ
Зи мафlэри мыункlыфl
Мэфlэншэуи дыумыщl
Кlыфlышхуэми дыхыумынэ
Ди закъуэуи дыкъыумынэ...

## ЗАКЪУЭНЫГЪЭ СИ УСЭЩ

Къэмыхъуп1э къэхъугъарэ
Зыщым1эп1э зи псэуалъэу
Пкъыгъуэ ц1ык1ури зи псэуэщ...
Хэхэсыгъуэ зи лъахэ
Яхэтыхук1э мэябгэ
Зыхэтыххэ и хамэщ...
Зыхищ1эхук1э ныхэхъуэ
Закъуэныгъэр зи пкъыгъуэщ.

И гушыпсэ зэхуэсу
Шыпсэ хасэ мэхасэ...
Гупсэ уэзыр зэщ1эсту
Закъуэныгъэм зыкъеусыж....
Щ1ыхъуреикъу къекъужу
Усэ дамэ мэшасэ
Вагъуэ ижым еныкъуэкъуу
Уэгу щхьэщыгум щоджагуэ.

Закъуэныгъэ си усэщ
Усэ аущ къиущий
Лъэпщ и пщалъэр хуэпщылъэу
Зыхуейм и лъэ зепкъылъэ
Къызэрыус пшыналъэм
Ашэмэзыпкъ зырешэ
Щыщ1эпщэжым и бжьэмий
Зэхэтхъуа уэщ1 мэузэщ1ыж.

Закъуэныгъэр мэусэ
Къи-гу-шыпсэ-рэ-усэу
Нартыжьхэм сэ сахешэ
Нарт шы хъушэм сахедэ

Къыхэсха шыр зей лIыхъужь
И теплъэгъуу сырилъэгъущ
Сырителъхьэу и щIеин
Къыпыщэнри схуэпщэрылъщ.

Бэдынокъуэш сыщышэс
Бгъэжь дамэшхуитI къыстокIэ
Ижьрабгъу дамэ сыхъуэбэу
Дыгъэм елъыгъу сэмэгурабгъу...
Сынщипкъэгъуам Сосрыкъуэ
Сышэсыххай и Тхъуэжьей
Иныжьхэми сайзауэу
Уафэщхьэщыгу ситщи зэм
Зэми...
Сыхелъафэ хыфIыцIэм.

**ХЭЩIЫНЫГЪЭ**

Сыщыцlыкlум, гъэ къэс сыхэхъуэрт,
Иджы щэ, мыувыlэу сыхощl...
Хэхъуэныр хуэм хуэмурэт,
Хэщlыныр псынщlэ дыдэ къысфlощl.

Си щlэлэгъуэм, зэхэзыублэт уэлбанэи
Жьыбгъэ дамэм сытесу
Къыспыщlэхуэр зэресхьэт...
Иджы щэ, зызщlэзгъэху жьыр къысхохьэж.

Иджырэ къэс сигу къэмыкl
Къыскlэрмыкlыу техьэгъуэщ
Гъащlэ ухэ хэгъэрейр
Сыпэмплъэххэу мэлъагъуэ
Пшэ фlыцlаеу къоунахуэ
Уфэразэу ныхохъуэ
Зыдынэсри еункlыфl
Кlыфlыгъуэшхуэу къокlуатэ
Шэ фlыцlэшхуэу къокlуалlэ
Хьэщlэ гуащlэу къоблагъэ
И lэ щlыlэр лlэныгъэм
Къыстеlэбэ къысфlэщlыу
Нэрыуфlыцlыу сыпоплъэ...
Сыхэщтыкlыу сыкъоплъэж
Жьы lэфl тlэкlур жьэдэсшэу
Сыфlопсэуж иджыри тlэкlу.

**ЕХЫЖЫГЪУЭ**

Гъащlэу зесхьар нэгу къыщlохьэж
Сеужьыхыпау сыкхъахэщи
Хуэм хуэмурэ сыныфхощlыж
Гъащlэм си lуэху щыухащи
lуэху зезыхуэм сывихамэщ
Си благъэу Тхьэм сепщlыхьащи
Хуэм хуэмурэ сыхуоблэгъэж.

**ПСЭУКӀЭ КӀАПСЭ**

Анэ ныбэм бын ирищӀэр
Бынжэ кӀапсэщ зэрыпӀыжри,
ПӀыгъуэ цӀыкӀум къыхэхъукӀыж
Ӏэ цӀыкӀуитӀыр япэу зэпхъуэр
Зэпхауэ псэр зэрыпӀ кӀапсэрщ.

Ӏэпэ цӀыкӀухэр зэпхъуэ кӀапсэр
Зэзэмызэй зыпщэредзэж...
Дуней гъащӀэм зы псэущхьэу
Къытемыхьэ пкъыгъуэ цӀыкӀум
Анэ ныбэм зыщыщенэж.

ЗэрыпӀыж псыр къызхурижэ
Бынжэ кӀапсэм псэр епхати,
Псэухыгъуэ - псэужьыгъуэу
Гъуэгу псыгъуэкӀэ псэ зэпыщӀэм
Хуэигъуэти "кӀапсэ" псалъэр.

Ди псэр кӀапсэм пыщӀэжауэ
КъыщӀыщӀидзэр Тхьэм ещӀэжри,
Ди пщэ дэхуэу къэдгъэщӀэнур
Зэпхар кӀапсэм псэкӀэ тщӀэжу
Дытыредзэ дуней гъащӀэм.

КъытпыщӀэхуэу дызэпхъуэжыр
Бынжэ кӀапсэщ япэ дыдэй,
КъыддигъэщӀа хуитыныгъэр
Зыхунэсыр ди гурыщӀэу
Ди пщэрылъри мэухуэжыр.

Гъащlэм хэту лlыпlэ ихуэр
И кlапсэкlыр зыlыгъыжщи,
Ар игъуэджэу щызэрихьэм
И пщэрылъыр игъэзащlэу
Щхьэхуитныгъэ зыхуеухуэ.

Зиужьыгъуэнкlэ щхьэмыгъазэщ
Щхьэхуит зы лlы псэукlэри,
И кlапсэкlыр Тхьэм диlыгъыу
Лlым лlэныгъэ и зэхуакум
Пщэрылъу ехь дэлъ гъуэгуанэр.

Зи псэ кlапсэм епхъуэж зы лlыр
Псэм пыкlыжу зызхуэужэгъущи,
Игъуэр къэсрэ и кlапсэкlыр
Нэгъуэщl зы lэ зыlэщlэхьэм
Къипсэухьми уэ теусыхь.

## ЗЫЗГЪАЩӀЭНЫКЪУЭ УСАФЭ

Сызхуэбгъэтхакъым зэй,
Зы махуи сыбгъэмэхуакъым,
Сызэпхьэлӏакъым зы бжьыхьэй,
Зи гъащӏэу усхуэщӏымэхуащ.

## ИЛЪЭС ХЪУРЕЙ

### Къыщlидзэу гъэр щытхэр гъатхэщ...

Зы илъэсым и къежьапlэу
Щиутlыпщыжкlэ гъэр щlыфlыцlэм
Къыщlедзэ гъэм игъэхъэжуй
Игум илъыр фlэфlыу итхыу
Псэми хуэфlыж гъатхэр къохъур.

Гъатхэм щlедзэ уафэгъуагъуэу
Хъуэпскlыу уафэр къыщеудри
Нэпсу щlэжым щlылъэр егъэпскl
Гъэ къарукlэ щыблэ къауэм
Щlыгу мафlэри зэщlегъэстыж.

Гъэ пэщlэдзэр ди гуфlэгъуэу
Гъатхэ мафlэм и хъуреягъ
Къыдофыхьыр удж хъурейкlэ
Ди хъуэхъубжьэр гъэ текlуэбжьэу
Мафlэщхьэм тыхь тыдощlыхьыж.

Гъэр зытекlуэ щlыфlыцlэпсэм
Зиутlыпщыжу гъэм зыретри
Псыр зыщlифу зэхощlытэ
Зигъэлантlэу ятlэ щыхъум
Къыщlэхъуэнум пlэ хуохъужыр.

Щlым хэлъ жылэр зэхотlыгъуэ
Игъуэ къосри и псэм зеунэтl
Зыкъитlэпlыу и пlэм йокlри
Къыдэжейуэ зы удз кlапэу
Щlы гущlыlум зыкъытредзэж.

Псыр зырижэ зы жыгыпкъым
Зыкъищlэжу зыпхеудри
Къэщlэращlэу зэщlогъагъэ
Зэрбэгъуэнум хущlэкъужу
Жыг ысащlэу зыкъырехыж.

Гъэр зыщытхэр гъатхэращи
Плъыфэу щыlэр къыриутхэу
Щыlэу хъуари ызэщlелэ
Нэху бзииблыр зэщlигъаблэу
Зэщlелыдэ уэгурэ щlыгури
Гъэ щlэращlэм и щэкl хъарыр
Плъыфэ псомкlи зэщlедыкlэ.

**Гъэмахуэщи, гъэм и махуэщ...**

Гъатхэм щыгъуэ къэщlэращlэу
Гъащlэ зиlэр зэщlэблэжу
Къигъэхъеяр гъэм и фlэщу
Игъуэ нэсу хъупlэм щихуэр
Гъэм и махуэу гъэмахуэращ.

Махуэ кlыхьрэ нэхурилэу
lуэху зехьэным хуэигъуэщи
Гъэ лэжьыгъэу иужь дихьэм
Тедгъэкlуэдэж ди пщlэнтlэпсыр
Мэш бэвыгъэу къыдохъулlэж.

Тхьэгъэлэджым и фlыщlэкlэ
Щlогуэ гъэшхэкl ди гуэнэщым
Хадэхэкlри зэщlобагъуэ
Зэщlэхъае пхъэщхьэмыщхьэм
Къыракъутэх жыг къудамэ.

Уэгу щхьуэнтlафэ щlы щхъуэнтlагъэу
Уэмщ гъэмахуэр щlыгури щабэу
Псэ ужьыгъуэу псэущхьабэщ
Гъэпсэхугъуэщ махуэр хуабэу
Гъуэзыр къыхеху ди губгъуэжьым.

Гъэмэхуэкуу дыгъэ дзакъэр
Къахоlащэр псэущхьэхэм
Выжьыр мэцlыв щхьэр иужэгъуу
Щхьэр зэхагуэж ди мэл хъушэм
Ди шым и кlэр бадзэ укlэщ.

Хуабэр хэӀэу бажэр щӀожэ
Ябгэ пщыӀэу мэз Ӏув лъабжьэм
Дыгъужьыр щӀэлъщ зэщӀиплъыхьу
КъыщӀопщ мыщэр псыхъуэм къафӀох
Хыв пэлъытэу зыхеджалэ
Хэджэгухьу псым хопщыжри
ЩӀопщхьэж мэзым зиутхыпщӀыжу.

Уафэ щхъуантӀэм бахъэу щӀэтыр
Зытреуфэ пшэ хужь цӀыкӀуу
Къытхуэупсэу псэ зыӀутым
Уэшх тӀэкӀу къеутх къэгушыӀэу
Дигъэупсыфу ди гум жьы деху.

**Бжьыхьэрэ гъэр щеужьыхыр...**

Гъэр еужьыхыу щыщIидзэжым
ЗыхищIэжу уэм гъэр егъей
Нэкъуэлэным зэпижыхьу
КъыщыщIэткIум и нэпс тIу-щыр
Щожьэ псыдзэу нэпсырилэр
Уэлбанэри зэхеублэ
Уафэр мэгъуагъуэ
Уафэр мэхъуэпскI
Уафэр мэугъуэн
Уафэр мэугъуэг
Уафэри гъэм нытогъае.

Псыр бащэрэ щIым къелыжми
КъаймыхъулIэж псэ ужьыгъуэ
Бжьыхьэ псоми къэкIыгъэхэм
БэуэгъуапIэ щамгъуэтыжу
ГъуапIэм йохуэж тхьэмпабгъуэхэр.

Гъэмахуэ псом я щхъуэнтIэгъар
ТекIыу щIедзэ щIымрэ уафэм
Щхьэцыгъуафэ зэщIэтхъухьар
Зэхитхъуэжу бжьыхьэ жьыбгъэм
Гъуабжэ къуэлэн зэхохъухьыж.

Уафэ щхъуантIэр къэукъэщхъуэжу
Жьы кIэрахъуэм зэблехъу ифэр
Плъыфэ псомкIэ зызщIелэфри
ЯжьафэкIэ зызщIиуфэу
ЗыщIедзыжыф тхьэмбылыфэу.

Къэкlыгъэхэр щызэхэгъуэм
Гъуаплъэ гъуэжькlэ гъэнщlыжауэ
Щlыр зэщlощтэ зэдэкlу плъыфэу
Гъуафэр фагъуэм кlэлъыкlуэжу
Щызэхохьэж тхьэмщlыгъуфэм.

Я щхъуэнтlагъэ хагъэкlуадэу
Къэкlыгъэхэм къызщlагъахъуэ
И бэвыгъэ Тхьэгъэлэджми
Гъэшу бжьыхьэм зетхьэлlэжар
Къытщигъакlуэу тщигъэткlуну
Тхьэлъэlушхуэ идогъэкlуэкl
Къыдоуджэ Тхьэшхуэ уджри
Тхьэгуэхьэж хъуэхъу тыдощlыхьыж.

Бжьыхьэм икlуэ зехьэ-зехуэм
Уэгурэ щlыгум къащlэхъу плъыфэр
Къытхоуджыхьри тхьэгуэхьэжым
Бжьыхьэкlэу гъэр щыщlыхьэжкlэ
Щlыфlыцlэжьым йоуджыхыжыр.

**ЩIым и махуэр щIымахуэращ...**

Гъэр щIыфIыцIэм щыщIыхьэжыр
ЩIым и махуэу щIымахуэщи
ЗыIэщIыхьа щIы щIыIэжьым
Къызтриубгъуэу гъэр щIекъузэ
Зэхегъэщтыхь Iэщ1элъу хъуар.

Гъащ1э зиIэр гъэру еIыгъ
ЕрыщагъкIэ щIыфIыцIэжьым
И кIыфIагъэр къатриуфэу
Зимгъэплъыхьу набгъэ ещIри
Махуэри кIэщI къахуещIыжыр.

Гъэм хуэжэщ кIыхь щIымэхуэгъуэм
Гъуэм исыжхэр зэхегъэжей
Яхэтыжу ди мыщэжьри
Иудэрабжьэу псэ зыIутыр
ЩIым тепщэгъуэр зызхуеIыгъыж.

ЩIы тепщэгъуэм уэгури щощтэ
Хужь яжьафэу ифэр покIри
Псы щIэтыжыр зэхэщтабэу
Уафэ щымым уэс къыщIэхъуэм
Хуэм цIыкIуурэ щIыр щIеуфэ.

ЩIыфIыцIэжьыр кIыфIыгъуэжьу
Нэр щыуфIыцIыу уэс хужьыбзэм
Хужьрэ фIыцIэщ щIымахуэфэр
Фащэ хужькIэ зихуэпэжу
Пщы къэрапцIэм зыкъырехыж.

Ди щхьэщыгум щызэрехьэ
ЩIакIуэ хужьыр пщы къэрапцIэм
Пщышхуэ нэхур къыхуеплъэхыху
ДыщIимгъэплъу дыщIеубыдэ
Жэщыгъуэ кIыхь ди зэшыгъуэм
IуэрIуатэхэр доIуэрыIуэдз
Шыпсэхэри догушыпсэ.

Дыгъэр уэсым тепсэу щIедзэ
Тепхъуэ хужьыр зэщIегъэтIэпI
ЩIылъэр пцIанэу къыщIигъэщу
ЩигъэмащIэм щIым и ткIиягъ
Гъэ къежьэгъуэм дыныпожьэ.

**БЖЬЫХЬЭКӀЭ УДЖ**

Уо хъуромэ хъуромэ
Хъуромашэ
Хъуромэ машэ
Хъури зышэ
Хъуурэ зышэ
Хъур зэрышэр хъуреижь
Хъур зышэри хъуреижь.

Уэ хъуромэ хъуромэ
Хъуромашэу хъурашэ
Езым зишэ
Зыдишэри хъуурэ кӀуэ
Хъур зыхуэкӀуэр хъуреижь
Хъуурэ кӀуэри хъуреижь.

Хъуромэуэ хъуурэ кӀуэ
ХъуромакӀуэ
Хъуромэ макӀуэ
Уо хъуромэ хъуромэ.

Хъуромэуэ хъуракӀуэ
ХъуракӀуэуэ хъурикӀуэ
ИрикӀуэри хъуурэ кӀуэ
Хъуурэ кӀуэри хъурокӀуэ
Хъуромэ макӀуэ
ХъуромакӀуэ
Уо хъуромэ хъуромэ.

Хъуурэ кӀуэрэ хъуромэ
ХъуромакӀуэ хъуромэ
Хъуромэрэ иту кӀуэ
Иту кӀуэрэ хъуурэ кӀуэ
Хъуурэ кӀуэми зедывгъэт
Къидджэгухьу дыхэвгъэт
Деуджыхьу фӀэщ тхуэухъу
Гъэр щӀыфӀыцӀэм щыщӀохьэж
ЩӀэкӀыжыну дывгъэлъэӀу
Хъуэхъужьхэми девгъэдэӀу
Зихъуэжыну дывгъэудж
Удж хъурейри дывгъэублэ
Хъуреижьым зедывгъэкӀу
Жьырэ щӀалэ Ӏэпэубыд
Зэпэхъуреиу дывгъэудж
Хъурей уджым диӀэтэ
ДыӀэтауэ дыниужь
Ӏуащхьэмахуэ дикӀуалӀэ
Тхьэшхуэ тпэплъэ диблагъэ
Хьэрэмэ Ӏуащхьэ дынтехьэ.

Уо хъуромэ хъуромэ
Хъуромэ махуэ
Хъуромахуэ
Хъури зыхуэ
Хъуурэ зыхуэ
Хъур зэрыхуэр хъуреижь
Хъуурэ зыхуэри хъуреижь.

Уэ хъуромэ хъуромэ
Хъуромэ махуэ
Хъуромахуэу хъурахуэ
Хъурахуэрэ хъурихуэ

Хъурихуэмэ хъурохуэ
Хъуурэ ухуэ
Хъурэухуэ
Хъур зэрыухуэр хъуреижь
Хъур зыухуэри хъуреижь.

Уо хъуромэ хъуромэ
Нобэ махуэу хъуромахуэ
Хъуромэ махуэ
Хъуроухуэ хъуурэ ухуэ
Хъурэухуэ хъуреихуэ
Хъурей ухуэм дыхоуджэ
Удж хъурейри доухуэ
Зэпэхъуреиу дыкъоудж
Хьэрэмэ Iуащхьэ къыдоуджыхь
Мыджэ, мыудж къытхэмыхьэ
Имыс, мысэ къытхэмыт
Уэзырыкъуэ къытхоуджэ
Уэзырыджэу тхоуджыкI
ТхэуджыкIыу зыхетIэ
Зыхесэри зыносэ
Зынэсыжу уэзыр мэс
Уэзырысу сосымэ
Сосырыжу зэросэ
Зэрысыжу зыхоудж
ХэуджыкIыу уэзыр мэдж
Уэзырыджэу зеутхыпщIэ
Сосырыкъуэ ут къохьэ
ЗыхетIэри къытхохьэ
Сосырыкъуэ мэфIэнэ
МыункIыфIыж зи мафIэ
Зэрыблэри уэзырэс
Зыдынэсри зэщIоблэ

Сосырыкъуэ ди мафӀэ
Дэп маскӀэуи зэщӀоплъэ
ХъуаскӀэр хихуу къытхоуджыхь
Уэзырыджэу къоуджэ
Удж хъуреим хоуджыкӀ
Тхьэ Ӏуащхьэри къеуджыхь
Хъуреягъыр еуджэ
Уфэразэу йоуджэкӀ
Тхьэшхуэ уджкӀэ мэкӀуатэ
Уджу Тхьэшхуэм йокӀуалӀэ
Гъэ лӀыхъужьу зыхегъэх
ЛӀыхъужьыбжьэр къыӀырех
ИримкӀуту мэуджэ
Фадэ кӀадэм мэджадэ
КӀэдащхьэри екъутэ
Тхьэ кӀадэри къыреуд
Тхьэ фадэри къырекӀут
Фадэпсынэу къыщӀегъэж
Фадэпсыхъуэу егъажэ
Нарт псэ жыгым щӀегъажэ
Нартыжь лъахэм щӀегъэхьэ
Тхьэ фадэри зыщӀифу
Мэгъуэзджалъэ щӀыналъэр.

Уо хъуромэ хъуромэ
Хъуромэри хъурамэ
Хъуромэуэ хъурамэ
Уэ хъурамэ хъурамэ.

Къэхъуу хъуари хъурамэ
Дыкъэхъуамэ хъугъуэ дикӀуэ
ХъугъуэфӀыгъуэ къытхуикӀуэ
Гъэ къакӀуэми дынхуикӀуэ.

Уэ хъурамэу хъурасэ
Хъуурэ кӏуэрэ хъурисэ
Хъугъуэ кӏуэми дифӏэхъус
Хъум хуэкӏэнри къытхъулӏэ
Гъатхэ къакӏуэ дынигъэс
Гъэ нысащӏэ ди гупсэху
Гъатхэ къэси ди щӏасэ
Гъэ къакӏуэми дынщӏигъэс
Гъатхэ гуащэу дыздихьэх
Дынихьэсу дызхигъэт
Гъатхэ хасэ дынихус
Зэхэсэгъуэ дыхигъэс
Хъуэхъущӏэхэр зэхидгъэх
Хъуэхъуфӏхэри къытлъигъэс.

Уо хъуромэ хъуромэ
Хъуромэ машэ
Хуромашэ хъуурэ шэ
Хъурашэрэ хъуреишэ
Зыдишэри хъуурэ кӏуэ
Хъуракӏуэрэ хъуреикӏуэ
Хъуурэ кӏуэрэ хъуромэ
Хъуромэ макӏуэ
Хъуромакӏуэ
Уо хъуромэ хъуромэ.

Уэ хъуромэ
Хъуромахуэ
Хъуромэ махуэ
Хъурэухуэ хъурохуэ
Хъурэихуэ хъуурэ ухуэ
Хъуреихуэ хъурей ухуэ
Хъуреижьу кӏэрахъуэ

Зэпэхъурей хъуримэ
Хъурэимэ хъуреимэ
КъекIэрэхъуэкI хъуромэ
Хъуромэуэ хъуреижь
Хъуромэ махуэ
Хъуромахуэ
Уо хъуромэ хъуромэ.

Уэ хъуромэ
Хъуромахуэ
Хъуромэ махуэ
Хъуромэжьу ди махуэ
Уо хъуромэ хъуромэ.

**ДИ ЛЪЭХЪЭНЭ**

Ди лъэхъэнэр гъэщӀэгъуэнщи,
Гъэ къекӀуэкӀым къахуигъащӀэр
ЩӀэн ныкъуэкӀэ нэмыплъ ящӀыу,
ПщӀэ зыхуащӀхэм я фэеплъым
Тырагъэпсыхь махуэгъэпсри
Гъэм зэрепхар яфӀэмыӀуэхуу
Илъэс хъурейр къафӀоухъурэх.

Тхьэгуэхьэжыр -Ӏуэху пэщӀэдзэ,
ЩӀым гъэр щиубыд -илъэсыщхьэу,
Псэущхьэ жэщ щӀымэхуэшхуэм
Ӏуэху нэхъыщхьэ ягъэзащӀэ...
Гъэр къыщежьэр я Ӏуэху кӀэух,
Нэхурилэу гъэмэхуэшхуэр
Гъэпсэхугъуэу я жеигъуэщ.

Тхьэгъэлэджыр ямлъытэжу,
Лъэпщ къару тӀэкӀу зыӀэргъахьэж,
ЗырагъэкӀуу Емынэжьейм
Сосрыкъуэ бын щӀигуэжыну
ЩӀым тырагуэ лъэ емынэр...
ЛъащӀэу утыку къырагъэхьэр
Къытхолэжьыхь псэемблэжу.

Псэущхьэхэм телэжьыхьрэ
Псэм и лъабжьэм щӀэӀэбэжу
Ироджэгухь псэ жылэкуми,
ЗэӀуаш, яшуу, зэӀуашэ псэр...
Яхущхъуэнур къахэщхъухьу
Гъэн зэхэдзэ зэхащӀыхьым
Къырегъэхьэж хьэщхьэвылъэр.

Зэпкъ зэныбжьуу ягъэкI мэзыр
Унафэщ1эт зы дзэфIыцIэщ,
ЩафIыхэхуам жылэй щамгъэкI...
ЗэкIэлъхьэужьыж, зэпIэзэрыт,
Я къалэныр ягъэзащIэу
Зыратауэ щыдэжейхэм
Жыг къуданхэм мэй къапимхыж.

Ягъэ1эсэж жыг Iэрысэр...
МыIэрысейр яIэрсэжу
ЯгъэкIэщIри зырагъэубгъу,
КIэгуэжь ящIыу ягъэкъуацэ...
Хьэцбанэми пагъэкIэфри,
Фэ цIуу цымэку мэншэ хъужу
IЭДЭМ и мейр яхьэцымей.

Нащэ бэгуу пидзагъащIэр
ЩIалъхьэж нащэщ, - хущхъуэ хапщэу...
Гъэпсагъэххэщ инагъ кIуэнур,
Гъуэгу зыдэкIуэу зэрхъун щыхъум
Нащэ бэгъуар зэбгырах щхьэ,
Игъэщхъухьащ къиужьыкIуами
КъыпIурежьэ гъущIрилэпсыр.

Фо щыхуейхэм бжьэи хуэмей...
Яшэз фошыгъу, фо къыщIазыкI.
КъызэщIевыкI фошыгъупсыр
Къыхуагъэува бжьэматэми,
Бжьэм хеутхэ утхэ мащIэ...
КъыхуаIуэхуу хащIыхьыжым
Щигъэгусэу бжьэр мэкIуасэ...
Хохьэж губгъуэм бжьэ хакIуэуи,
КъызэхикIухь удзгъэгъахэм

Щхъухь зырахам гу щылъитэм
Щхьэр зыдихьын хуэмыщIэжу
Гужьеяуэ къызэфIонэ,
И шэрэзыр зыхиIужу
Губжьым ехьыж и гъащIэри...
ЩIым зыхегъэщI бжьэ лIэужьыгъуэм.

## ДОН КИХОТ

Илъэс щиплlти ди япэкlэ
Къепщэ жьыбгъэм шуей хабзэ
Зэрхигъэщlыр илъагъужти
Сервантес-ым къыгурlуэжырт
Дон Кихот-и къизэужыр.

Шу щхьэзакъуэр ебгъэрыкlуэу
Бийм пэувырт пхъэ джатэкlи
Зэхикъутэу жьышэрхъыжьыр
Щхьэл кlэрахъуэр къигъэувыlэу
Лlыхъужь хабзэ щызэрихьэжт.

Шуей хахуэ Дон Кихот-ыр
Испан уэркъыу лlышхуэ пагэт
Лlы зэкlужыр зекlуэ здэкlуэм
Щlакlуэзехьэу зыдигъусэр
Санчо Панзэ-у лlыкlэщl пабгъуэрт.

Ди лъэхъэнэ къепщэ жьыбгъэм
Щыгъэпс щхьэлыр цlыху гуращlэ
Щиуфэрэзми псэ жылэкум
Ди щыlэгъуэм зы гурыщхъуэ
Тезщlыхьыни дэ къытхэмкlын...

Игъащlэкlэ лlыхъужь хабзэр
Нарт щlыналъэ щызокlуэри
Къэбэрдеижь уэркъыжьыбэр
Дыхэщlами, хэдымгъэщlыу
Уэркъ хабзэжьри дэ зыдохьэр.

КӀыхъуэтӀеим зекӀуи къыдокӀ...
КӀыхъуотӀ ТӀытӀэ зехуапэри
И зы ныбжьэгъу щӀакӀуэзехьэу
Зыдегъусэ, гузехуэти
Жигулир дож КӀыхъуэтӀыбгым...

Ӏуащхьэщыгум ныщхьэщыхьэу
Мэзеплъери Ӏэгъуэблагъуэр
И нэгу зеужь, игуми жьы деху
И къуажэм зэ хущхьэщоплъэх
Хуэм хуэмурэ Ӏуащхьэм ар къох.

## ЗЫУЖЬЫГЪУЭРЭ ЕУЖЬЫХЫГЪУЭ

### Зыужьыгъуэр хъугъуэ-фIыгъуэрщ...

Дыгъэр къэблэху гъэр щекIуэкIым
ЩыIэгъуэри зэщIоджыкIэ...
Зи игъуэ нэс зыужьыгъуэпэм
ЩыIэгъуэщIэу псы ныщоджэ...
Дыгъэ бзийхэр псым хэпсэхукIэ
ЗэхотIыгъуэ псы жылэри,
Псэ къыхохъукI псым хэуджыкIыу.

Псэм и къуэпсхэм зыщаубгъуху
Утыку къохьэ псэ пкъыгъуэщIэ...
ЗэщIэбагъуэу дыгъэр къэблэху,
ЗэщIоблэ щIыр псэущхьэмкIи,
Псэ ужьыгъуэу гъащIэ зыхьхэм
Тхьэм къахегъэщI гъуэзэджащэу
ПсэущхьэщIэ щIылъэм тохьэ.

Псэ жылакIэу псэущхьэкIэр
Тхьэм къегъэщIри псэ жыг тхьэмпэу
Зызхунегъэс, зынрелъытэ...
ЩыIэм щыщу мыщыр зыхущи,
УхыгъуапIи къыгуроIуэ,
КъыриIу макъкIэ бзэй щыухуэм
"ЦIыху" зыфIещыж зицIыхужу.

И щыIэкIэр щыIэгъуэ ужьщ
КъатеужьыкIыу щыIэуэ хъуам,
Я жылагъуэй зыхэлъыжщи,
ЩыIэгъуэ щIэн зыхуэпщэрылъщ...
ЩыIэгъуэпщу щыIэщ цIыхури,

Зыниужьыгъуэ Тхьэм пэкӏуэжу
Щыӏэ пажэу щӏы тхьэмадэщ.

И щыӏэгъуэм къызэритщи,
Зыщиужькӏэ ныщхьэщихум
Икӏуэр тыхьу щыӏэгъуэхэкӏщ...
Тыгъэ къэхъур зыпкъырыкӏщи,
Ипкъ зэриткӏэ гъащӏэ хэтхэм
Я фэеплъкӏэ тын зыщӏыфу
Тхьэ нэфӏщыхуэу щыӏэщ цӏыхур.

Щыӏэгъуэрэ къэхъу къекӏуэкӏыр
Зэрыужьыр Тхьэ щӏеину
Фӏэщ къыхуэхъуу нышогъуазэ...
Зыгъащӏэхэм щӏэн езэгъкӏэ
Ящысхьыжрэ къащхьэщыжу
Цӏыхум хабзэу зыхуиухуэр
Нарт щӏыналъэм ныщызокӏуэ.

Хабзэжь щӏопӏэ бын хахуэхэр
Хунэсу Тхьэгу зынщыраӏуэ...
Зи мафӏэ ис Сосрыкъуапцӏэ
Тхьэм щыриджэ Хьэрэмэ ӏуащхьэм,
Тхьэ фадэм и гъуэзэдж жылэй
Нарт жылагъуэм къыныхехьэ...
Тхьэпэлъытэ гъуэзэджащӏэу
Ухуэ цӏыхум зынебжьыфӏэж,
Гу мафӏэкӏэ зыунэхуфу
Цӏыху ӏэужьу гъуазджэ ныщодж.

**Зи щыӀэгъуэ щыуагъ щымыщӀэж...**

ЩыӀэгъуэпэм ныпэужьыкӀыу
ЩихукӀэ мыщри фӀэщ къыщохъуф,
Зиужь фӀэщӀыу пцӀым хоуджыхьри,
Щыуагъ икӀуэм зыныщхьэщеху...
ЩыӀэгъуэ щӀэн щыхэмыджэу
ХущӀодж цӀыхум щӀэныпцӀагъи,
И щӀеиным нэпцӀыр дещӀыгъу.

ЩӀэныгъэжьым хищӀэ пцӀиер
Ныхэщхъухьу фӀэщхъуныгъэм,
Гурыщхъуэр щӀегъу цӀыху гурыщӀэм...
Щохьэж тыхьыр зыхуищӀыгъэм...
ЗыгъащӀэрэ щӀылъэ лъащӀэм
ЩӀэн нэпцӀаджэр хобзэджащӀэ,
ЩӀэн хабзэжьри нызэхепцӀэ.

Хабзэжь зехьэр ныхегъэзыхь
Зытриуфащи щӀэн нэпцӀаем...
Нарт уэфэгур щӀиуфӀыцӀаеу
ЗэхецӀалэ фащэ хужьри,
ЩыӀэгъуэпщым зиупцӀэныжу
Къеулъэпхъащэ ӀэпэпцӀийкӀэ...
ХэкӀыгъуапӀи къынелъыхъуэ.

Гъащlэ ужьым ныдэухуэу
Цlыхугъэщи Нарт хабзэжьыр
Еужьыхыжу щыныхэщlым
Хещlэ фагъуэ псэ жыг тхьэмпэм...
Цlыху зыужьыгъуэм и нэхъыщхьэу
Гупщысэнрэ гупсэ уэзыр
Къынщиувыlэм уз кlуэцlещlэ,
Цlыху хуэфащэ хуэмщlэжыфу
Фыгъуэр щlоувэ гущlэ егъуу...

**Фыгъуэнэд фыгъуэнэд...**

Щыlэгъуэр жи зыужьыгъуэмэ,
Щыlэгъуэ ужьщ цlыху щыlэгъуэй,
Зиужьыгъуэри Тхьэм ныхуокlуэ...
Фыгъуэм икlуэр цlыхугъэм хещl.
Зи гъащlэ жыг кугъу зыхищlэ,
Къигупщысэ купщlэ надэу
Фыгъуэнэд цlыху утыку къохьэ...

Цlыху щхьэхуитыр игу темыхуэ,
Хуиту lэбэм ныхуобампlэ...
И гум щlэбжьэу щиуфэразэр
Къаруфlагъэу щыщlимыдзым
Къызэщlовыкl и гужьгъэжьри
Къыхэужьыкlым куэд имыкlуэу
И жэрэгъум нытырегуэ.

Гужьгъэжьхэкlым игу жьы дегъэкl,
Зиущиижу зеущэхужри
Яхохьэжыр цlыху хуэгуапэу...
Зымцlыхумкlэ цlыху щэныфlэщ,
Зэкlуэцlылъыж гу хьэлъэщи
Цlыху зыужьыгъуэр зынхурешэх,
Щигъэлъахъшэм гъунэгъу зыхуещl.

Зызужь гъунэгъу нышилъагъум
Дэхуэхауэ зелъытэжыр,
Къытрахауэ и щlеиныр
Фlыдащlейуэ зынфlегъэщlыж...
Зэрегъэпэщ бзэджагъ lэщэй
Емынэжьейу щигъэдалъэу
Щебгъэрыкlуэм докlуэтеиж.

Емынэжьей ерыщыжьу
Фыгъуэнэдыр мыщхьэныкъуэжь...
Зи губзыгъагъ къилъху мыужьми,
Ныкъуэ-ужьу щинэжахэр
ТӀасхъэ щӀэнкӀэ зынщӀигъакъуэу
Йоныкъуакъуэ уэзрыкъуэми
Хигъэщӏыну йофыгъуае.

ЗэкӀуэцӀыбжьыкӀ, фащэ зэблэхъущ
Къызэрытщӏэн тхуэмцӏыхуфу,
ЦӀыху еижу Емынэжьейр
Сосрыкъуэм бий хуэхъу и быну
КъытфӀыщӀохъуэ тфӀэмымащӀэу...
...

Фыгъуэнэд фыгъуэнэд...
Зыниужьыну хуэмыузэд,
Хабзэ еужьых зыдэжьуу...
ЦӀыху зыужьыгъуэм зэпкъырихуу
Къэхъу ужьыгъуэр зыныхэщӀ...
ХэщӀыныгъэ къытхэзыщӀэу
ЩынытхэщӀым дызщымыщӀэ...

Фыгъуэнэд фыгъуэнэд...
Фыгъуэнэду тӀасхъэщӀэх,
ТӀасхъабэуэ щыӀэгъуэр
Сосрыкъуэ деж къынщӀидзэу
ЦӀыхури щыуагъ щымыщӀэ...
ТӀасхъэу диӀэр зыщӀыдох,
Ныпхудохри узигъэнщӀ...

Зэхифыгъуэу зэтриуфэм
Зи гуращlэ зыуфlыцlаеу
Гу кlыфlыбэу фыгъуэнэд...
Унэхупlэ уунэтlэ!
- Жэщибг нэужь нэху щыгъуэ ужьщ -
Уи гупсэ уэз узэщlэ,
Нэхущ шууэ зызщlэузэд,
Къыщытlэпlым нэхулъэ
Нэхущ уджым къытхэхьэж...

Фыгъуэнэду фыгъуэрей,
Узэфыгъуэн къыпхуэмынэ, - дынохъуэр...
Зыужьыгъуагъэм унытехьэ, - дохъуахъуэр.